

Lèt Tete se Miyè Lèt la Pou Tibebe ki Fèt Anvan lè

Tibebe ki fèt byen anvan lè gen pou yo rete an jeneral nan depatman swen entansif neyonal. Miyè bagay pou w bay tibebe w la manje se lèt tete w. Pou kòmanse tibebe w la gendwa pa gen ase fòs pou l pran tete, men w kapab sèvi ak yon ponp pou tete pou w sa rale lèt tibebe w la bezwen. Tibebe kapab pran lèt tete sou yon tij koton, nan sonn manje ki pase nan twou nen yo oubyen nan bouch yo rive nan lestomak yo, oubyen ou ka pran sa nan bidwon.

Lèt tete si miyè manje pou tibebe ki fèt anvan lè poutèt lèt tete :

- Pi fasil pou bwè pase lèt fòmila
- Kapab ede sèvo a grandi epi devlope
- Kapab anpeche gen enfeksyon grav
- Lèt tete se ni manje ni medikaman pou tibebe ki fèt anvan lè !

Kijan pou m ponpon lèt nan tete w si tibebe m la pa gen ase fòs pou l rale l soti nan tete m ?


- Pandan tibebe w la nan lopital la, w ap gen pou w sèvi avèk yon ponp pou w rale soti lèt nan tete w ou yo.
- Se pou w sèvi avèk ponp la wit fwa oubyen plis nan chak peryòd 24 èdtan. Pa bliye ponpe lannwit tou. Plis ou ponpe chak jou se plis lèt w ap gen pou tibebe w lan.
- Lè w vin wè tibebe w la nan lopital la, fè swen “kangourou” oubyen “po sou po” a. Sa se lè w kenbe tibebe w la toutouni, senpleman avèk yon kouchèt, sou pwatrin toutouni ou a. Sa ap ede w pwodwi plis lèt tete epi mete ni oumenm ni tibebe w la alèz.

Èske lèt mwen pwodwi a kont pou ede pitit mwen an grandi ?

- Lè tibebe fèt byen anvan lè, yo gendwa bezwen ajoutman plis fòtifyan nan lèt tete w. Doktè ak nitrisyonis ki nan lopital la va ede w deside si ak ki lè tibebe w la gendwa bezwen plis fòtifyan.

Kijan m gendwa jwenn èd pou m pwodwi lèt tete pou tibebe m la ?

- Pwodwi lèt tete pou yon tibebe ki fèt anvan lè se yon travay ki rès men yon travay ki rapòtan !
- Pale ak enfimyè a oubyen ak konseye sou laktasyon an si w gen difikilte pou w ponpe 8 osinon plis lè chak jou.
- Mande zanmi ak fanmi ede w pare repa oubyen kolasyon, fè menaj, ede okipe lòt timoun, ou senpleman ankouraje w.




Pwodwi Lèt Tete lè Tibebe w la Fèt Anvan lè


Tibebe ki fèt byen anvan lè abityèlman rete nan depatman swen entansif neyonal.
Lèt tete se yon medikaman epi yon manje pou tibebe w la. Li enpòtan pou kòmanse pwodwi lèt tete osito posib apre tibebe a fèt. Pi bonè ou kòmanse, se plis lèt w ap pwodwi pou tibebe w la.



Yon tibebe ap resevwa kolostwòm nan yon sereng



Sereng ki ranpli ak kolostwòm



Lèt tete ki ponpe



Ekstrè manyèl manman fè

Yo rele premye gout lèt tete a kolostwòm”

- Kolostwòm vini sou fòm ti gout lèt tou piti ki gen yon ti koulè jòn. Kolostwòm gen fòtifyan espesyal ki kapab ede anpeche enfeksyon.
- Anpil moun rele kolostwòm lan “lèt jòn” poutèt li si tèlman bon.
- Ou kapab sèvi ak yon ponp pou tete epi ak men w pou w jwenn kolostwòm lan. Eseye pran kolostwòm ou an pi vit posib apre tibebe a fèt pou l sa pare pou tibebe w la depi l ap bezwen l. Pi bonè ou kòmanse eseye, se plis lèt w ap pwodwi.
- Enfimyè yo kapab bay tibebe w la kolostwòm lan, menm si tibebe a pa ase gran pou l pran bibwon.

Pwodwi plis lèt avèk letan

- Apre detwa jou, lèt ou a ap chanje. L ap pi blan epi w ap pwodwi plis lèt.
- Òdinèman lèt sa a parèt ant 3 ak 5 jou apre tibebe a fèt, oubyen pafwa menm pi plis tan apre yon tibebe ki fèt anvan lè, yon sezaryèn, oubyen si w resevwa sètèn medikaman anvan oubyen pandan w ap akouche.
- Se lèt sa a tibebe a bezwen pou l grandi.

Konbyen fwa pou m sèvi avèk ponp lan ?

- Ponpe omwen 8 fwa pandan 24 è.
- Pa bliye ponpe lannwit tou. Li ka itil pou pwograme yon alam pou w sa leve epi ponpe.
- Li nomal pou premye detwa jou yo pou w senpleman wè detwa gout kolostwòm. Memsì ou pa wè twòp lèt pou kòmanse, ponpe anpil nan kòmansman an ap ede w pwodwi pi plis lèt pi devan.

Ekstrè manyèl

- Ou kapab jwenn lèt tou nan tete w lè w sèvi avèk men w pou espere lèt la dirèk nan yon ti gode.
- Ekstrè manyèl kapab fèt touswit apre kouch la oubyen menm anvan w akouche.
- Ekstrè manyèl kapab fèt nan menm lè oubyen apre ou ponpe tete w pou w sa pwodwi plis lèt.

Ki kote m kapab jwenn sipò pou ponpe epi pou ekstrè manyèl ?

- Konseye laktasyon (se moun maton ki resevwa fòmasyon espesyal pou yo ede w ba tibebe a tete) oubyen enfimyè kapab ede w sèvi ak ponp lan epi aprann ou kijan pou fè ekstrè manyèl.
- Fanmi w ak zanmi w kapab ede w epi ba w sipò tou.

Swen po-sou-po Pou Tibebe ki Fèt Anvan lè

Tibebe ki fèt byen anvan lè abityèlman rete nan depatman swen entansif neyonal. Ou kapab rete pre tibebe w la nan fè swen po-sou-po oubyen swen “kangourou” a. Kenbe tibebe w la po-sou-po bon pou tibebe w la epi pou oumenm tou.

Kisa swen po-sou-po oswa swen kangourou ye ?

- Swen po-sou-po oubyen swen kangourou se lè w kenbe tibebe w la sou po pwatrin ou an. Tibebe w la ap toutouni nèt, senpleman avèk yon kouchèt.
- Kontak dirèk avèk po w san pyès blokaj abiman oubyen kouvèti se sa ki anpeche tibebe w la frèt epi kenbe l byen pòtan.
- Se pou w fè swen po-sou-po pi plis posib pandan tibebe a nan lopital epi se pou w kontinye fè sa lakay ou apre tibebe a kite lopital la.

Po-sou-po kapab ede tibebe ki fèt anvan lè :

- Pa frèt.
- Respire epi dòmi pi byen.
- Gen yon pi gwo koneksyon avèk manman pa yo.
- Pare pou pran lèt tete.

Po-sou-po kapab ede manman yo :



- Pwodwi plis lèt tete.
- Gen yon pi gwo koneksyon avèk tibebe pa yo a.
- Aprann ki bezwen tibebe pa yo gen.

Kilès ki kapab fè swen po-sou-po ?

- Li sekirize pou w mete yon tibebe ki fèt anvan lè nan pozisyon po-sou-po. Men tibebe ki tou piti piti kapab fè sa.
- Manman, papa, oubyen lòt gadò kapab fè swen po-sou-po a.
- Marasa kapab fè swen po-sou-po youn ak lòt.
- Mande enfimyè oubyen doktè a si swen po-sou-po oke pou tibebe w la oubyen pou tibebe ou yo.

Kijan pou m fè swen po-sou-po a ?

- Enfimyè k ap swiv tibebe w la ap ede w mete ni oumenm ni tibebe w la nan pozisyon.
- Li ka pi fasil si w mete yon blouz dekolte oubyen ki boutonnen sou devan pou w sa mete tibebe a sou po pwatrin ou an.
- Planifye pou w kenbe tibebe w la omwen 60 minit sou pwatrin ou.
- Ou kapab sèvi ak yon ponp pou tete apre w fini ak po-sou-po a. Anpil manman remake yo pwodwi pi plis lèt apre yo fè po-sou-po.



Enfòmasyon pou fanmi ki bay tete


Presyon ak Men



Presyon ak men se yon teknik sou lamèn pou chak fwa ou bezwen debarase tèt'w yo epi ou pa ak tibebe'w la oswa tibebe 'w pa ka pran tete tanporèman. Nan premye kèk jou apre nesans presyon ak men kapab pi efikas nan retire kolostrom pase ou itilize ponp tete. Si tibebe'w la bezwen yon sipleman nan premye jou yo oswa semèn yo, itilize presyon ak men ap pèmèt ou bay lèt li gen bezwen!

Woutin presyon ak Men:

1. Aplike chalè, masaj ak mouvaman ak men sou tete yo
2. Mete dwèt ou nan pozisyon dèyè wonn tèt'a
3. Peze'l retounen sou direksyon pwatrin ou
4. Komprese tout dwèt ansanm pou lèt la sòti
5. Lache kò'w epi repete ritm lan ankò
6. Fè sa pandan 5 a 7 minit
7. Deplase dwèt yo nan pozisyon diferan
8. Mase epi fè mouvman ak tete yo
9. Peze'l retounen sou direksyon pwatrin ou
10. Komprese tout dwèt yo ansanm pou lèt la soti
11. Fè'l konsa pou 3-5 minit pou lèt parèt
12. Mase epi fè mouvman ak tete yo
13. Deplase dwèt yo nan pozisyon diferan
14. Fè sa pou lèt la ka parèt pou 1 a 2 minit
15. Pou konplete tout etap yo app ran ou 20 a 30 minit



Gade videyo sa panda w'ap fè pression ak men pou ka wè teknik la an aksyon!

<http://newborns.stanford.edu/Breastfeeding/HandExpression.html>

Bay pou ou pa Resous Edikasyon Alètman. Kapab kopye ak distribye lib. Tanpri konnen byen ke enfòmasyon sa yo bay nan entansyon sèlman pou rezon edikatif ak enfòmasyon jeneral. Se pa ni nan entansyon ni pou ta ranplase konsèy profesyonèl medikal. Toujou chèche konsèy nan men doktè'w sou kesyon ou ka genyen konsènan ou menm, oswa kondisyon medikal timoun ou an. Pa janm neglije konsèy pwofesyonèl medikal oswa depase delè pou t'al wè youn poutèt yon bagay ou te resevwa nan enfòmasyon sa yo.